



Ouvèti Lisdatant Administrasyon Lojman Cambridge

Apati **3 oktòb 2016 a 10:00 AM**, Administrasyon Lojman Cambridge (CHA) pral aksepte pre-aplikasyon sou entènèt pou lisdatant Pwogram Koupon pou Chwazi Lojman (HCV/Seksyon 8) pou koupon ki Baze sou Lokatè (Mobil) ak koupon ki Baze sou Pwojè.

Premye Peryòd Tiraj-Osò 3 - 31 oktòb

N ap konsève pre-aplikasyon CHA resevwa nan mwa oktòb yo, epi n ap mete yo nan yon pozisyon sou lisdatant lan apre 31 oktòb. Tiraj-osò elektwonik lan ap òdone pre-aplikasyon yo avèk yon dat ak lè ki kreye owaza, epi answit y ap aplike nenpòt preferans. Enfòmasyon sou kalifikasyon dapre preferans disponib sou sitwèb www.cambridge-housing.org/waitlist

Apre 31 oktòb 2016

Pre-aplikasyon CHA resevwa apre 31 oktòb ap òdone dapre dat ak lè, epi si ou kalifye, y ap òdone dapre preferans.

Administrasyon Lojman Cambridge pa pratike diskriminasyon sou baz ras, relijyon, sèks, koulè, peyi kote ou soti, laj, andikap, idantite seksyèl, preferans seksyèl, eta sivil oswa sitiyaasyon fanmi. Nou bay aksè egalego pou moun andikape nan pwogram nou yo, sèvis nou yo ak aktivite nou yo.



Kalifikasyon dapre Revni

Pou kalifye pou yon koupon, revni ou pa dwe depase kantite lajan ki endike anba la yo dapre kantite moun k ap viv lakay ou.

1 Moun	2 Moun	3 Moun	4 Moun	5 Moun	6 Moun	7 Moun	8 Moun
\$34,350	\$39,250	\$44,150	\$49,050	\$53,000	\$56,900	\$60,850	\$64,750

Orè pou Depoze Pre-Aplikasyon/Pozisyon nan Laptòp

Si ou pa gen aksè nan yon òdinatè, tanpri vin jwenn nou nan youn nan adrès ki anba la a pou depoze pre-aplikasyon ou:

ADRÈS	DAT YO	LÈ YO
JEFFERSON PARK 1 Jackson Place Cambridge, MA 02140	Jou madi: 4, 11, 18, 25 oktòb	9 AM – 12 PM
CORCORAN PARK 1 Corcoran Lane Cambridge, MA 02138	Jou madi: 4, 11, 18, 25 oktòb	2 PM – 5 PM
PUTNAM GARDENS 64 Magee St., Cambridge, MA 02139	Jou mèkredi: 5, 12, 19, 26 oktòb	9 AM – 1 PM
CAMBRIDGE PUBLIC LIBRARY- BEECH ROOM 449 Broadway Cambridge, MA 02138	Jou mèkredi: 5, 12, 19 oktòb	3:30 PM – 7:30 PM
ROOSEVELT TOWERS 14 Roosevelt Towers Cambridge, MA 02141	Jou jedi 6, 13, 20, 27 oktòb	9 AM – 12 PM
WASHINGTON ELMS 131 Washington St., Cambridge, MA 02139	Jou jedi 6, 13, 20, 27 oktòb	2 PM – 5 PM

Pou soumèt yon pre-aplikasyon, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:

www.cambridge-housing.org/waitlist